**दिन–शनिवार** **दिनांक–28.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे पश्चिम एशिया संकट के कारण पूरा विश्व चिंतित अछि। उत्तर प्रदेशक नोएडा अंतर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा के उद्घाटन समारोह के संबोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे भारत पूरा ताकत के संग वर्त्तमान परिस्थिति के मोकाबिला कऽ रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारत वृहत मात्रा मे कच्चा तेल आ गैस युद्ध प्रभावित क्षेत्र सभ सँ मंगबैत अछि। एहि लेल सरकार हरेक ओहेन आवश्यक डेग उठा रहल अछि जाहि सँ देशक सभ परिवार धरि एहि आवश्यक वस्तु के आपूर्ति निर्बाध रूप सँ भऽ सकय। प्रधानमंत्री कहलनि जे संकटक काल मे सेहो भारत अपन तेज विकास के जारी राखने अछि।

---

कृषि मंत्री रामकृपाल यादव कहलनि अछि जे पश्चिम एशिया मे तनावपूर्ण परिस्थिति के बादो राज्य में उर्वरक के कतहु कोनो कमी नहि अछि। श्री यादव इरान–इजराइल संघर्षक कृषि क्षेत्र पर संभावित प्रभाव के लऽकऽ आइ पटना मे उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक कयलनि। ओ पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे किसान लोकनि के समय पर पर्याप्त मात्रा मे निर्धारित मूल्य पर उर्वरक उपलब्ध करायब राज्य सरकार सवोच्च प्राथमिकता अछि। मंत्री उर्वरक के कालाबजारी आ जमाखोरी करऽवला के चेतावनी दैत कहलनि जे भ्रष्टाचार करऽवला लोक सभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई कयल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि भोरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय बत्तीसम कड़ी होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कयल जायत। एकर सीधा प्रसारण एआईआर न्यूज, डीडी न्यूज, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण

मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो कयल जायत। हिंदी प्रसारण के तुरंत बाद आकाशवाणी क्षेत्रीय भाषा सभ मे सेहो कार्यक्रमक प्रसारण करत।

———————————————————————————

बिहार सँ राज्यसभाक लेल नवनिर्वाचित सांसद शिवेश कुमार दस अप्रील के राज्यसभाक सदस्यताक शपथ लेताह। श्री कुमार पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत जनौलनि जे एहि संबंध मे लाइजनिंग ऑफिसर द्वारा फोनक माध्यम सँ हुनका ई जनतब देल गेल अछि। ओ जनौलनि जे दसे अप्रील के आन चारि गोटा–मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीन, राष्ट्रीय लोक मोर्चा के अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा आ केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर के सेहो शपथ लेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ के प्रभाव सँ प्रदेशक बेसीतर भाग मे मौसम मे विशेष परिवर्तन भेल अछि। मौसम विभाग आइ दरभंगा, मधुबनी, सीतामढ़ी, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण सहित राज्यक विभिन्न भाग सभ मे अन्धर–पानि आ ठनका के ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि दरमियान दरभंगा, मुजफ्फरपुर आ समस्तीपुर जिला मे किछु ठाम पाथर खसबाक सेहो संभावना अछि। विभागक रिपोर्ट के अनुसार पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत पटना सहित राज्यक विभिन्न भाग सभ मे अन्धर–पानि के कारण तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। कतेको स्थान पर ओलावृष्टि आ ठनका खसबाक घटना दर्ज कयल गेल अछि। एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि जे तेज अन्धर के कारण कतेको ठाम गाछ उखड़ि गेला सँ सड़क यातायात बाधित भेल अछि। ओतहि कतेको ठाम बिजलीक पोल उखड़ि गेल जाहि सँ बिजली आपूर्ति सेहो बाधित भेल अछि। एम्हर, अन्धर–पानि के कारण फसलि सभ के व्यापक नोकसान भेल अछि। ओतहि, आम आ लीची के फसलि के सेहो क्षति भेल अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा आइ मधुबनी जिलाक पंडौल मे निजी क्षेत्रक कंपनी सावि लेदर टेक्सटाइल इकाई के संयुक्त रूप सँ उद्‌घाटन कयलनि। एहि अवसर पर सम्राट चौधरी कहलनि जे प्रदेश मे

निवेशक वातावरण बनि रहल अछि आ औद्योगिक इकाई सभक खुजला सँ रोजगारक अवसरि बढि रहल अछि।

———————————————————————————————

मधुबनी जिलाक प्राचीन आ ऐतिहासिक स्थल बलिराजगढ़ मे भारतीय पुरातत्व सर्वेक्षण विभागक दिस सँ आइ उत्खनन के काज शुरू भऽ गेल। राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा उत्खनन काजक विधिवत शुभारंभ कयलनि। एहि अवसरि पर ओ कहलनि जे उत्खनन काज सँ मिथिलाक प्रचीन सभ्यता, संस्कृति आ गौरवशाली इतिहासक अनभिज्ञ पहलू सोझा आओत। श्री झा कहलनि जे बलिराजगढ़ संग्रहालय के स्थापना कयल जायत। जाहि मे उत्खनन मे प्राप्त सामग्री सभ के संरक्षित कऽ राखल जायत। एहि समारोह मे झंझारपुर के सांसद रामप्रीत मंडल, बाबूबरही के विधायक मीणा कामत सेहो उपस्थित छलीह।

———————————————————————————————

मधेपुरा जिलाक ग्वालपारा थाना क्षेत्र अंतर्गत अरारघाट पुल के लऽग एक वाहन के विद्युत पोल सँ टकरा कऽ नदी मे खसि गेला सँ वाहन मे सवार तीन गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————————————

अररिया जिला मे पेट्रोलियम उत्पादक कालाबाजारी आ जमाखोरी करऽवलाक विरूद्ध प्रशासन लगातार कार्रवाई कऽ रहल अछि। एहि क्रम मे तेईस गैस एजेंसी सभ पर छापामारी कयल गेल।

———————————————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक जिला नियोजनालय भवन मे तीस मार्च के एक दिवसीय जॉब कैंप सह–कैरियर मार्गदर्शन मेलाक आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल